

379,000 Fwaye nan Laflorid k ap Resevwa Asistans nan men FEMA

Release Date: Fevriye 14, 2023

LAKE MARY, Fla. – Plis pase 379,000 fwaye ap resevwa èd nan men FEMA pandan y ap retable apre siklòn lan. Asistans lan vini sou plizyè fòm.

Plis pase 49,000 fwaye te resevwa lajan pou lokasyon nan men FEMA paske yo pa kapab tounen lakay yo. FEMA, eta Florid ak òganizasyon volontè yo ap travay ak fanmi sa yo pou ede yo ak resous lojman. Fwaye yo ka elijib pou fon lokasyon kontinyèl, ki sèvi kòm yon pon nan lojman alontèm.

Plis pase 3,000 fwaye nan Eta Florid ki te deplase akoz Siklòn lan lan te kite nan chanm otèl FEMA te bay la apre yo te jwenn lojman alontèm. Prèske 1,000 kontinye resevwa èd sa a.

Nan konte Charlotte, Collier, DeSoto, Hardee, Lee, Sarasota ak Volusia, 286 fanmi ap okipe apatman ki lwe, trelè vwayaj oswa inite lojman fabrike FEMA bay. Semèn sa a, fanmi yo ap deplase nan 105 trelè nan yon pak komèsyal nan Konte Lee ke FEMA lwe. Le pli vit ke sit la te pare, FEMA te kòmanse bay aplikan kle yo epi nan kòmansman semèn sa a 23 te nan nouvo kay tanporè yo, epi plis deplase chak jou.

Asistans sa a fè pati yon gwo efò FEMA fè pou ede sivivan Siklòn lan. Asistans gen ladann lajan pou lwave, reparasyon kay, sejou nan otèl, lwave apatman, trelè vwayaj ak inite lojman manifaktire, ansanm ak lajan pou lòt bezwen ki gen rapò ak katastwòf.

Nan konte Lee, Sarasota ak Volusia, FEMA te lwe 312 apatman epi l ap mete fanmi ladan yo. FEMA ap planife tou pou repare ak lwe plis apatman epi bay kay tanporè pou sivivan katastwòf yo.

Fanmi k ap resevwa asistans pou lokasyon ak reparasyon kay an total 69,000, e fòm èd sa yo pi rapid ke FEMA ka bay pou lojman. Plis pase 363,000 fwaye te resevwa lajan pou lòt bezwen ki gen rapò ak katastwòf, tankou transpò, medikal



FEMA

Page 1 of 2

ak dantè, gadri, pwopriyete pèsonèl esansyèl ak lòt depans.

Ofisyè Kowòdinasyon Federal Tom McCool di, "N ap travay san rete pou ede fanmi ki bezwen trelè vwayaj oswa inite lojman fabrike". "Pèmi, kòmande, plasman, branche sèvis publik ak enspeksyon an pran plis tan pase asistans pou lokasyon oswa lajan pou reparasyon kay. N ap travay avèk biwo pèmi yo, konpayi sèvis publik yo ak anplwaye lokal yo nan sèt konte pou fè sa ale pi vit posib. Nou te aprann ki jan anplasman ki apwopriye yo limite pou inite lojman tanporè epi n ap travay sou otan sit posib. Nou konnen ki jan sa enpòtan anpil pou fanmi yo ak pou kominote lokal yo. Nou pral rete sou li jiskaske misyon an fini."

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou rekiperasyon Florid apre Siklòn Ian, vizite floridadisaster.org/info and fema.gov/disaster/4673. Swiv [FEMA Region 4 \(@femaregion4\) / Twitter](#) ak sou facebook.com/fema.



FEMA

Page 2 of 2